

Pembastoe sareng
agen:
Priangan koolon
M. Sahari - Bogor
Priangan tengah
H. B. Pasondan
Bandoeng

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjilat di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembastoe sareng
agen:
Priangan wetan
M. G. Kartaatmadja
Tjiamis.
Djawa wetan:
Bestuur Tjabang
Pasoendan.
Soerabaja.

LANGGANAN.
Pasogiraha dina 3 sasih f 1,50
Sataoen f 1,50
Dibajar ti pajoen, Salambar 15 sen.

Redactie:
Galoenggoengweg 49.
Administratie:
Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redakteur:
ATMAWINATA
SOETISNA SENDJAJA
Redakteur di Batawi
SOERADIRADJA.

Directie:
Bestuur Pasoendan Tasikmalaja
Administrateur:
K. MARTAKOESOEMA.

Pangas ADVERTENTIE:
1/10 katja f 2,--
1/30 " f 1,25
Sakali moeat.
Langganan langkoeng mirah.

Taon ka 2.

Alhamdulillah!! ... karisi koe-
ting djeung babatoeran basa waktos
ngabaladah noe ditjaritakeun dina boe-
boek alhamdulillah bet teu boekti.
Beda tarakah batan hana.
Dina taon toekang "Sipatahoenan"
engzoning nalalakan, teu papanggih
djeung halangan haroengau atawa
tjotjoba anoe uista.
Nja poegoh sakali-kaliuun mah aja
oge patjigreganana, tapi tara nepi
kana teuing, ngan saeoe koer pake-
trok saeotak-saeutik sambara hiroep
tjara beas patesrek djeung babatoe-
raanna.
Ka saha Sip. teh koedoea nganoe-
hoenkeun? Saha noe ngadama-dama
ka manehna? Saha noe ngalautaran-
keun djagdjag waringkasna?
Soedah ngajawabna! Moal bisa di-
tetek diwidji-widji dilulang peuteuj.
Hueloe kareta ana njeuragan mah
teu djalan, da koedoe aja masmis aja
areng.
Masmis woengkoel pon pilalagi. Ko
mo ari areng tinggaroetoeul sora-
ngan mah laju tjartakoneun.
Atoeh oerang oeggoet bae, hatoer
noehoen ka oengal madhab, saeoe
tempat Soenda, noe miloe roemdjong
gede leutik moal dibela-bela. Oerang
Soekapoera? ... Her atoeuh toug
pandjang ditjarit, da poegoh priboe-
mi ieu mah. Dikedalkeun pamali risi
koe basa "ngeupeul ngahoeapan ma-
neh".
Nadjan enja oge beunang disebet
djagdjag waringkas, tapi ari kana ge-
nah toemalinah soegema manah mah
djaeuh tanggeh keneh. Ari disebet ta-
tjan djere-djereana onaman maksoed
noe geus karoengkoop pihara teuing.
Koe kas teu karedas hoetang teu
boga, langganan satia man sakiu
boengahna. Komo moen handjat sa-
hambal deui: nintjak hambalan soer-
at kabar poean. Sakoemaha piatoehu-
nana ... oerang Soenda! Heug te-
reh aja raad kabopatan!! Naha teu
hajang aroeninga kitoe gerakan dja-
man kiwari? Koe soerat kabar ming-
goean moal kaodag. Tah mangga
njanggakeun, maranahan!
Poegoh moen hanteu dipapaj disa-
sar matak rada melengok: hidji bang-
sa noe aja 6 malioenna, mani teu boga
sajewir tjewir atjan soerat kabar
poean: teu aja sapisarateun! Mangga
Soenda, njanggakeun! Teu pertjaja
pisan keur koering mah, Soenda seuh
seuhana nepi ka Soendek. Oelah!
njaah! Kahajang mah boekti katjapa-
nganana oerang Limbangan: Soenda-
soendek hartina oenggoel.
Naou djasana Sipatahoenan?
Aja, tangtoe ajana! Ngan ...
soesah noedoehkeunana. Da lain tjara
noe babalen tah mudsina, tah batina.
Toeroeg toeroeg digawena lain nga
woelaa hidji djelema, keur sarerea
ieu mah.
Sakaepung kapan sok ngahadean
noe boga maksoed hade miloe ngasor
ngasor ngadagkeun; atawa ngal-
jak ngahiap hiap miloe oengtoen
ka noe aloes.
Sakaepung sok nongtak noe lengoes
ngahalang halang kana kagorengan.
Sakaepung sok pelekik, ngera-ngera
ka noe perkosa, ngadalian anoe gazah.
Tapi dina oenggal langkah saban
kalakoean tara kadjoeroeng koe nap-
soe atawa indit ngemban timbalan ki
Sirik pidik boh Iren panastren. Henteu!
Estoe noe dioedag oedag teh sa-
koer noe aja mangpaatna keur djele-
ma loba.
... Sabisa-bisa tangtoe dipahing
pisan pikeun ngahantem atawa nga-
bina hina djelema. Sipatahoenan sala-
wasna njanghareup kana perkarana.

Mindeng pisan gerentes ti piloearan
nepi ka Sipatahoenan. Madjar teh:
"Koemaha ioepea anjeun teh?" Eta
saenjana nanjakeun barang noe njata
Koemaha njatana teh? Kapan Sipata-
hoenan dikaloearkeunana koe "Pa-
soendan" (Tasikmalaja): nadjan lain
officeel "panglajang" Pasoendan, tang-
toe bae oelaganana moal lepat tina
oegeranana eta pagosjoeban. Kawas
kawasna noe sok nanjakeun teh sa-
perkara lautan teu terang toetjoea-
nana Pasoendan, ka doe perkara la-
taran dina Sipatahoenan tara aja "seu-
seulan", omong djeung ketjap noe ta-
ra dioegang oenggang tea. "Siga siga
na sing saha noe gede soenggoet, lang-
soeng saor laujap sabila, lah eta noe
kaasoep kaom beureum! Moronj
beureum! Beureum kawas gintjoe!
Henteu njaho beureum teh aja toelen
aja poepelasan!
Sipatahoenan teu rek ngabeureum
beureum maneh. Sabeureum-beureum
na tina koedrat irodatsa bae, noe
geus ditetepkeun koe hidji Pasoen-
dan, boektiina "Statuten".
Oepama baban katampa Sipatahoen-
an miloe njombo-njombo saeutik-ue-
tikeun kana madjoena bangsa priboe
mi. Djalanana teu rek noeroetkeun
djalan batoer, da boga katetapan so-
rangan. Lain omong woengkoel da
saeutik eutikeun mah kapan geus
boekti. Ari eta toekang "gintjoe" na-
on makoedna? Toh saroea keuh lain!
Lamoen kaanggap koe Sipatahoen-
an, pihadeuun pikeun bangsa priboe
mi. matak madjoe, matak mangpaat
ka maranehanana, djeung saha bae Sip-
daek babarengan digawe. Moal kana
henteu roehroej, toeloj colak pang-
djakna. Moal! Ti mana datangna, a-
sal bener keur goenana djelema, rea
matak nambahna kasalametanana ...
... joes!
Djaeuh tanggeh kana keukeuh pe-
teukeuh, palat polotot; neugtrewe-
lang, dawung loedeung, sabot teu ka
oekoer ka koedjoer katimbang koe
awak. Ana omong teu bareng djeung
lampah, disebetna soelaja, terkadang
kadang diantjoenan. Tjara noe teu
sienn koe boel, pokna, kakara 2 pe-
uting geus rampohoj.
"Loyal!" ... poegoh "loyal!"
Naha ari lojalal teh sasaroenaana
"slaafsch".
Naha ari noe loyal sagala "soemoes
hoen dawoel"?
Keras! ... Hajoe, tapi keras di-
na kabeneran, oelah keras tjalawak
woengkoel. Matak teu boga adjen!
Noe reep kana bangsa roehroej
dina Sipatahoenan moal manggih "ha-
ok hamprong" paling moedjoer ngan
sasemet koetoeok gendeng.
Djeung pamarentah anoe daek tea
babarengan. Moal abong abong djol ti
loehoer toeloj diledakan! Ngan sikep
na meureun koemaha tjek itoe! Tja-
ra ajeuna oepamana hal "herziening
staatsinrichting". moal kena-kena boe
atan Pamarentah, toeloj koe Sipata-
hoenan dipoedji poedji ngarah oerang
priboe mi beuki Euh, noe moal tea! Da
roegi oerang priboe mi koe atoean a-
jeuna teh, lain madjoe anggoer moen-
doer.
Kitoe keur kahajang mah djalanana
piloempateun Sipatahoenan teh!
Oepama noe matja ieu soerat kabar
aja genah kapanasaran, poma oelah
oedjoeg-oedjoeg diteangan gorengna
bae di toekang, tapi sing telik bisi
noe koe oerang teu katoengtik, koe
batoer kapanggih. Dina lebah teu roe
masana ... Sipatahoenan narima
pikiranana noe lian. Baeu! Ieu om-
ongan ngarasa perloe ditoelekeun, lan-
taran bisi bae aja "boel kamaljoeng"
teu kaop katjoeke saeutik, toeloj bae

boeroek.
Sipatahoenan teh, ieh, sasak, keur
nepoengkeun djelema rea, laju keur
laliwatan hidji djelema.
Meungpeung oerang mitembejan
deui, ngahantja taon ka 2, aja ke-
neh kapanasaran saeutik:
Radjeun aja ger-njemna piloearan
pokna koerang ieu koerang itoe. Tah
ka noe kararitoe, pancehoen teh:
tjing da poegoh batin sakiu: mang-
ga geura saroegeem geura djeung-
djoeng geura toengtoen. Sepoeuh anom
diantosan.
Oelah semet soer semet semoe,
kedah kersa reudjeung prakna. Ngan-
tos saha mertjajakeun saha "ok pek"
tjeuk P. K.
Sipatahoenan moal djembar koe pa-
njawad, moal reugreug koe panggeu-
reuh. Panoek moal matak hedjo
lembok. Anoe matak hiroep moeloe-
hoerip moekti eta djaba ti harti
ta harti reudjeung boedi pangabakti
ti seke selerna Padjaran ...
Minangka toengtoeng tjatoer pame-
gat tjarta ditoeungtoeng koe pane-
da moega-moega Sipatahoenan dina
taon kadua sing leuwih-leuwih
diasihna, dipikadeudeuhna koe oerang
Soenda.
Soet Sen.

Wartos ti Directie sareng Administratie.

Tjoendjek kana woekoe, datang ka
na mangsana Sipatahoenan dinten
ieu pisan djangkep oemoerna SATA-
OEN; berkah hibar pangloengana sa-
daja para langganan, pangrodjonga
para pangdeudeul para pembastoe,
para agen sareng sadajana. Nja kitoe
deui ka noe kagoengan drukkerij Soe-
kapoera sareng ka noe njepeugna mi-
wah noe ngadjalankeunana hatoer
noehoen wiroh doegi ka ajeuna Sip-
teu atjan lid kaloearna. Teu aja sa-
nes ka sadajana hatoer noehoen,
moeng noehoen bae. ten kapendak
deui pibasaennana.
1 Juli 1925, nja eta taonan Sipata-
hoenan. (Minangkana mah jarig, toeh
geuning nganggo dikembang kembang
dirampean saka Letterz) Hiroepna
doegi ka dinten eta teh anoe parantos
parantos mah estoe moeloes rahaje
nja djamak sakalieun roer-gsing sae-
tak saeutik mah boeboehan di doenja
tea, aja bae toekangna noe ngaroeng-
sing teh.
Ajeuna noe diemoet teh ka pajoen-
na nintjak taon ka doe anoe teu
atjan dilakonan tea; emoe kana sa-
oer sepoeuh: anoe dikersakeun hiroep
teh tangtoe djeung hoeripna djeung
redjekina. Ana dimanahan lebet mah
na koe saha Sipatahoenan dikersa-
keun digelarkeun ka doenjana: tjena
koe Bestuur Pasoendan sare-troa mah
nangging eta oge koe saha digelarke-
nana? Nja toengtoengna (batin-
batinna) mah Sipatahoenan oge dikersa-
keun koe kamoerahanana Mahasoet-
tji, djadi pantes kening bantosan sa
reng haatna para djoeragan sadaja.
Hiroepna Sipatahoenan moeng koe ka
ridoan sareng kaiklasan manah sada-
ja, oepami teu kitoe mah moal lepat
deui tjek Malajoe tea mah goeloeng
tiker.
Ajeuna woewoeh tetela sareng ja-
kin, jen gelarna Sipatahoenan goeman
toeng kana kaiklasanana para djoer-
gan langganan sadaja sareng terang
jen saha anoe ngalaworakeun kana
hal ieu hartosna henteu sareng ikla-
san manahna, sami sareng bade mon-
dokkeun oemoerna Sipatahoenan.
Sipatahoenan didjoeroekkeunana dina
1 Jnli 1924, waktos noe katjida se-

sahna Bezuiniging keur mendjeulna
tengah tengah djalan dina keur tata-
rikna pisan. Malise ngaditohkeun
pirang pirang padagang teu pih bang-
sa teu pih boeloe. Noe ngaloearkeun
Sip teu kinten tina dina ugami-
titan njebarkeun Sip. Bilih mopo oem-
be kening deea tilos leugkah opa
mi noe leumpang tea mah. Nja baba
koena sok kirang teh waragana, teu
aja atos keur njitak sareng keur me-
ser parangko. (Tah noe mawi enggal
kintoekeun artos langganan corr.)
Nangging koe margi seuseurna
langganan setia, angger ngintoekeun
nana artos langganan nja berkah a
jeuna kasajaanana kas Sipatahoenan
teu matak risi keur ongkos njitak nji
tak bae mah. Doepi eta langganan noe
teu setia, eta mah njanggakeun, koe
maha rasa kahormatana (oergeoel)
djoeragan bae. Pirakoe sakwartaal
f 1,50 abot teuing mah.
Nangging sakitoe dina waktos sesah
na teh keukeuh "Sip" tiasa hiroep
djadi katjiri jen oerang Soenda perloe
gadoeh panglajang basa Soenda.
Dina waktos noe sakitoe sesahna
Sip tiasa hiroep, ajeuna taon 1925
diraos raos malise rada ngirangan
(moeng padjog noe beurat katjida.
Dwangschrieff pasoeiwer ka maua
mendi corr.)
Taon 1926 roepina bezuinizing ra-
da dikendoran, boektina Pamarentah
di Volksraad njarios jen bade ngawi-
tan ngahadean karahadjaanana Indu-
nesia (welvaartspolitiek).
Pertjanten kana kamoerahanana
noe Kawasa kapaोजना kersa masi-
han kaktian soepadus Sip hiroep
moeloes sareng beuki madjong sala-
lamina.
Ajeuna "Sip" njaloeoh deui ka
djoeragan-djoeragan noe teu atjan dja-
di langganan, soesoeganan kersa dja-
di langgan. Oepami djoeragan teu
ngawangsoeikeun deui s. k. sareng
ngintoekeun artos langganan dina
lebet doe miinggoe djoeragan dilebet-
keun djadi langganan.
Teu aja saes panoeoepna mah,
njanggakeun sareng njoemuggakeun
ka para djoeragan anoe bade mitjinta-
ka Sipatahoenan.
Drukkerij Pasoendan, kawitna nga-
rana oge bade Sipatahoenan, nangging
waktos ieu artos Pasoendan anoe pang
seuurna dina eta Drukkerij, meug-
gah pangdeudeul ti loer teu kirang,
nangging edas koe arang pisan meh
teu njoemponan kana ketjilakna tjai
anoe lingsang kana batoe. Atoeh doe
gi ka waktos ieu teh Drukkerij moeng
ngatigeug "dina aja keneh kakirang"
f 750 di lebah Drukkerij mah masih
ei deet pisan. Nangging sakitoe deui
Pasoendan teu bade aral koe saeutik
teu inggis tidjoempalik, teu rem-
pan kana tidjenggang keukeuh bade
didjalankeun ngemoetkeun kana ka-
perloenanana. Padamelan toebok alit
mah aja bae, tjekap kanggo gadjib 5
baroedakna anoe dialajar kana njitak.
Ieu sadaja njanggakeun ka "mi-
nangkana mah saandeel saandeel houder
sareng ka anoe teu atjan ngaring
saandeelna, moeng saroepla saaudil
anoe ageugua f 10.
Hormatna.
Dir. sareng Adm. Sipatahoenan.

Matak boengah.

Djisim koering mendak wartos ti
anoe moelih vergadering di Bandoeng
jen anoe saroeumping kana Jaarverga-
dering Pasoendan di Bandoeng teh
benteu kinten seneurna, malah anoe
saroeumping teh saes bangsa ban-
drak-handrak, nangging bangsa ge-
doeg-gegedoega bae, anoe parantos

Ti pipir hawoe

Tepoeng pangdjoeroean
(jarig? taonan?)
Moal aja atoh tjara Gelenjoe
dina waktos ieu, noe rea mah lamoen
ngingetkeun beuki lila beuki kolot
teh sok meurengoeu sienn teu pajoe,
da beuki lila beuki peot, kasakit
afd. B. saperti bilik, beser djst. da-
taug.
Ari Gelenjoe mah atohna teh geus
sataoen, oenggal minggoe bisa noep
seuneu, teu miskin, hawoe, atoeuh
ngawadoel bisa teroes.
Sok aja noe tjolohok, melengok,
imoet noe ngadarangekeun obrolan
Gelenjoe, malah aja noe salah tampa
sagala, ambek, komo itoe mah toek-
gang getas haroepateun. ahli tjepak
pahang, poksang djampareuang heu-
ras tjokor, badag sambel.
Teu djaeuh ti patoet, tjara Gele-
njoe Gelenjoe teh, kapan imoet nga-
gelenjoe, morah, imoet, poelih, imoet
miskin imoet, beunghar imoet, imah
gedong imoet, saeung (pondok) imoet,
asih koe miskinna, njah koe masa-
katna, (oewigwe glimlach? Corr.) na
Soenda teh.
Tjara haloesan (toedjoean) Pasoen-
dan bae, rek njalamekkeun bangsa
Soenda.
Noe loehoer teuing ditjoeke, noe
handap dihandjakeun, tapi djalanana
djalan tjinta (asih) teu djeung dengki,
Ngalampahkeun kitoe teh jaktos
abot, nangging reudjeung kagoembira-
an nja boektina bari imoet.
nga Gelaec.



lami djadi kokodjo Pasoendan, nja ki
toe deui rengrengan H. B. saes bang-
sa loeloemajaan, estoe petingan pi-
san, jaktos ari aranom tea mah, na-
nging ningal kana pangartosna, geus
teu aja tjawadeunana, eukeur mah
paliuter toeroeg toeroeg gede wawa-
nen, doepi karadjanana geus teu
kedah ditjariekeun deui, istoening
sosen soson pisan ngabelaanana Pa-
soendan teh. (oelah dipoedji teuing,
bia ... Corr.)
Anoe matak kajoengjoen pisan mah
nja eta, djeung kersa olok tombok
deui.
Ah, tjindekna mah geus liwat ti
panoedjoe ieu mah.
Aeh aeh naaa aja moedji nepi ka
bebeakan teuing, kalapasan monjet
tjek oerang goenoeng tea mah.
Ari moedji mah gampang, ajeuna
mah oerang ngantos ngantos boektina
bae, da sadajan henteu dipoedji oge
mo boeroeng didaramel, geus djadi
kawadjiabanana.
Koemaha ari tjabang Pasoendan
Soemedang? Oerang teu koedoe leutik
bade, mangga tingali, saha itoe? sa-
nes Djoeragan Sadikin tea, sageuj teu
oeninga, kapan eta teh tameng dada-
na Pasoendan, toeh geuning eukeur
tatahar ngawewegan Pasoendan tjab-
ang Soemedang.
Ajeuna mah oerang pada nongton
bae ti kaanggangan.
Koemaha ari tjabang Pasoendan
Tjandjoer? Hib, ieu oge oerang teh
ageung keneh harepan, moal matak
hawatos, kapan aja Djoeragan Odjoh,
moal enja ari rek abdi dalem Soenda
kilen bae mah, toeh geuning sakitoe
segoetna.
Koemaha ari tjabang Pasoendan
Poerwakarta? Atoeh komo deui ieu
mah, istoening matak gede hate pi-
san, da kapan nja di dinja ngageugeuh
na Pasoen Pasoendan teh, geus mas-
hoer ti heula Djoeragan Djoengjoenan
ngamadjengkeunana ka Pasoendan
(tjarisna bade ngalih ka Soemedang

corr).
Koemaha ari Soekaboemi? Ieu mah oelah waka digareuwah bisi sawan geureuh, oerang antos bae aulawis doea tiloe sasih deui.

Koemaha ari tjabang Pasoendan Batawi? Perkara ini djanan dikawarir, mase ije kage taoe sams Toean Iskandar, memang dari doeloe djempolan Pasoendan, orang semoes soeda kenalin, djanan main, tjabang atas toe, kite toenggoetu adje dang.

Koemaha ari tjabang Pasoendan Tjiparaj? Adeoh matak hawatos geuning parantos natoes, di egi ngan kanton dierengan bae. Hih oelah gampang njabat kitos, da ieu mah saup sare tibra, nangng keur reureuh beula, ngoempokeun tanaga sangkan djagjag waringkas.

Tjing para kokodjo Pasoendan, mangga oerang didamel sasarengan, da kapan uja ajuna waktosna keulah lembong tanagana Pasoendan teh.

Sakali deui djsim koering njabat jen poatoesau Jaarvergadering kamariri, estoe matak boengng pisan, oepami sadajana poatoesau dijalankeun.

Mangga atoech, da moal enja oepami kieu bae mah.

Bapa boedak.

Martjapada tanggal postmerk.

Dangdanggoela

(djaman Multatuli).

Doeh padooka poepoending ati,
Menak loehoeng tidak bidjaksana,
Poentanganuun abdi kabeh,
Loehoer boedi pinjoendjoel,
Ka gamparan atdi nja moelji,
Moedji moedja-pamoedjaan,
Sembah soengkem-soedjoed,
Anoe welas-noe someah,
Ka somahna mikadendeuh-mikaasih,
Na soesah miloe toegenah.

—o—

Nadjan abdi djalma laip-miskin,
Nadjan abdi tau werat ngaroeat,
Ka gamparan hamo paha,
Poeloech-poeleoh pingdoeloech,
Noe ngororan salira goesti,
Abdi mo ingkah tekad,
Mo moendoeer saramoet,
Isin ningal kasoetjau,
Kasatrian, gamparan melaan abdi,
Ngorbanan panakawan.

—o—

Paripaos di djaman kiwari,
Loehoer goenoeng ageung kenech djasa,
Padoeka ka abdi kabeh,
Doengkapna ethische koers,
Nja gamparan noe djadi margi,
Beutana mata somah,
Nja goesti noe nioep,
Loegaj ka tempat noe tjaang,
Goesti kenech noe memaner diri abdi,
„Alles in alles” tea. 1)

Een dankbare Inlander.

1) Zie Mill-Studien.

Oelah kadjongdjonan!

Oepami ningal kamadjengan djaman anoe sakiu geundjleuh hareng-hengna, sim koering katjida manghantjakalkeunana, roh sakolelah Prijangan, seueur kenech para nonoman anoe keukeuh peuteukeuh kana ngaloeli-loeli basana koe andjeun (basa Soen la.)

Nilik-nilik noe geus boekti, geura mangga tingali! Toeh djoeragan C. A., menggal ngoedagna kana Alam teh, koe ngaos soerat-kabar basa Walanda (A. I. D. Ind. Crt. J. B. ez.) Padahal, kapan basana oge basa sabrang, sanes basa pangwaris ti KAROEHOEN!

Naha kitoe andjeunna henteu njab, lebar kana warisan anoe toeroentoeroen doegi ku KIWARI? Fhh! Deudeuh teuing BASA, nepi ka didjieun kawas ka ANAK TERE, sakitoe soemoengkem soemolondona teh, soerat kabar hideng datang sorangan oge, teu kersa misanak, soemawonten kana NGALANGGAN mah, da eta basana, basa SOENDA tea. Padahal eumina oge asa teu kirang-kirang baris pinjtoteu. n. . .

Sanes pisan sim koering tjosa ka noe sok ngaroes soerat kabar basa Walanda, soemawonten kana njaram mah, tetibeun kana wantoen, da poegoh keur sedong misono ka oerang KOELON. Moeng eta bae, kahayang teh atoech gendang bae sareng koran WETAN.

Tjubi, toeh di BATAWI, aja koran SOENDA (POESAKA-SOENDA) Di TASIK, aja, tah „SIPATAHOENAN”. Doea roepi soerat kabar basa Soen-

da anoe sae kabina-bina, seueur hangsa BOEPATI - ROEPATI anoe kersa ngaroes, sapertos toeh Kangdjeng Dalem Tjundjoer, Rangkasbitoeang enz. ngaosna dibaroeng koe POESAKA-SOENDA. Toeh (seueur deui pangagoeng noe ngaos Sip. Corr.)

Tjing atoech ajema mah bagilir misobeh teh. Atoeh, ari masih kenech ageung DOERJAT mah ka oerang KOELON, oerang WETAN mah, diwajoech oge socka-lillah, iklas pisan, oelah bet kadjongdjonan teuing!!!

Mangga koe sarorea eta doea SOERAT KABAR oerang roedjong koe pangdeudeul koe djadi LANGGANAN, malah mandar oemoerna tiasa swet anoe baris ngagoear POESAKA sareng kamadjengan oerang SOENDA! Diantos, koolannuun!!!!

Hoermatna noe tjinta BASA

Langganan P. S.”

Garoet, postmerk.

Ngabaloengbang Djalan.

Ketjap merlika roepi-roepina djaman ajuna mah parantos djadi boeah lambe. Soemawonten di beh dajueh, sanadjan di pasisian oge parantos djadi tjatoering lemboer ketjap merlika teh. Menak koering teu pilih-pilih. Waktos bada lebaran kamariri ieu sim koering wangsoel ka lemboer, zok pendak sareng sobat-sobat, oeroet babatoeran baheula djaman nganjon moending, mani reang naranjakeun pakabaran ti beh kaler, koemaha tjenah merlika teh? Ongkoh harita keur kaleresan oebjag milih kiesman deuih!

Ras kadinjana rada reugreug hate, ningal doeloe doeloe di padesaan kawasna siga noe enjana boetjelina kana merlika teh. Djigana oepami koe sim koering diibarateun ka hidji istri noe keur njiram, kabita koe hahaseuman, panginten moal sabaraha tebihna.

Tapi oepami dilenjejan koe oerang, dipapantes ka awak sorangan, poegoh oge saha noe rek teu kaputjoet koe kamerdikaan teh?

Baas in eigen huis! Adeoh tada teuing soegemana! Sagala kapoatoesan, oerang noe moeloes sorangan, sagala kahayang, boh katekan boh hentou, dipoatoes koe oerang kenech, asa moal panasaran, da henteu tjara ajuna, hiroep dioekoer batoer.

Tapi eta kabingah hate, sakapeung sok ret deui moerengked, oepami ningal kaajaan oerang sorangan dina waktos ieu. Kawasna oepami oerang ngetang presenana, asa teu atjan sabaraha diantawis bangsa oerang noe ngartos enja-enja kana piharti-eunana ketjap merlika teh. Nja kitoe deni pidjalaneunana enggoning oerang neungan kamerdikaan.

Noe dimaksud koe sim koering bieu, njaeta merdikaning nagara noe kira-kira pinawaun kasalametan toer kaeontongan ka oerang. Sakapeung sim koering sok tjondong kana diplomatie karooen: „Herang tjina beunang laekna”. Tapi didinjana kawasna oerang teh kedah sabar kenech-sabar kenech bae. (Emoet kana 300 taen langkoeng sareng istri noe keur njiram tea)

Sakapeung deui sim koering sok emoet kana paribasa Walanda: „Geen vrijheid zonder strijd.” Bet asa leres kitoena. Oepami mapaj-mapaj dina boeko-boekoe geschiedenis (babad) asa teu atjan mendak nagara noe merlika henteu kalawan perlawanan. Naha aja kitoe kamerdikaan noe dipresenkeun (dihadiahkeun), atanapi dipapariukeun „karena seneng hati”, doemel disoehoenkeun? Ningal djawabanana toean Idenburg ka djr. Tjokro asa sukitoe tatagna!

—o—

Tapi poeloech-poeloech nja ngalalakan, djoeragan! Iltiar mah oerang teh oelah pegat. Henteu bae kapanggih koe oerang tjonah noe geus kolot, atoech koe anak-intjoe oerang.

Ari ihtiar oerang kawasna noe bakal pihasilan teh dina didikan anak oerang.

Nja eta:

1. Sina boga rasa merlika ti ajuna, soepaja dina gedena manehna boga rasa boeoech kana kamerdikaan (nagara) teh. (*)

2. Dina economiena (pentjarijana) dididik soepaja boga kahayang kana peroesahaan noe merlika, oelah boeroeh deui-boeroeh deui bae tjara ajuna. Angot eta gila pangkat, kadjeun kekore asal djadi menak, di-

singkiran.

3. Dina satingkal lakoena dididik sina praktis, boeroe perlona, oelah kaleked atanapi mikaresep ka noe koerang pinangpaatunana.

Koe emoetan sim koering ieu noe 3 perkawis oge asa mokaha oepami diterapkeun ti ajuna. Dina sawatawis taen kapajeun engke bakal katjigali piboesahunana (invloedna).

„De mensch is het product van zijn omgeving”. Djoeragan Goeroe abdi njaggakeun poen anak!!!

S. d. H.

(*) Sapertos koemaha tjontona?

Red.

Tamba teu ngadjawab,

Pamendak Djrg. „Pangalih” dina Sip. No. 49 tg. 2 Juni teu benten sareng pamendak sim koering.

Panarosanana koe djsim koering dipindo disarengan koe walonana. 1e. Panaros: Koemaha akalna sangkan oerang oelah keusa koe eta hama?

Pangwalon: „Oelah kawin!”
2e. Panaros: „Koemaha akalna sangkan oerang woewoeh lami, woewoeh misono ka bodjo oerang?”

Pangwalon: „Bodjo oerang, woewoeh lami kedah woewoeh matax pa noeljoe pikeun oerang”

3e. Panaros: „Koemaha akalna sangkan oerang oelah bosen-bosen misono ka bodjo oerang!”

Pangwalon: „Kedah emoet salamina jen kawin teh lain pikeun sapoef doea poef tapi pikeun saemoer hiroep!”
Oepami soegri noe maso teu tjotjog sareng pangwalon sim koering oelah garoemoedjeng, koering era, sae woeroekan; ngawalon oge teu pandjang paudjang sieun penahna tisoledat.

Tg. Pandan postmerk.

Salamoen.

Tjarjos pondok tina vergadering Pasoendan ping 14 Juni di H.I.S. Pasoendan. Tasikmalaja.

Noe saroeumping teu kaetang seueurna doegi ka 3 kelas sakola sakitoe ageungna sesek. Wakil pamarentah, djr. Wadana kota, A Wedana sareng 2 mantri Politie. Taboeh 8 1/2 kempelan diboea, koe djr. Almad Atmadja Voorzitter Pasoendan sapertos bina nganoehoekenn ka noe saroeumping sareng njarioskeun boeboekana sareng toedjoean Pasoendan.

Ti dinja disamboeng koe Djr. Soetisna Sendjaja njarioskeun hal ajana Raud Kaboepaten. Diterangkeun sudjelas-djelasna tina hal Decentralisatiewet sareng Raad-raad sanes sapertos: Gemeente raad, Locale raad, Provinciale Raad enz.

Raad Kaboepaten diterangkeun sa-tjekapna sarta padamelanana dina poatoesanana R. K. kedah karoejoe-kan koe College van Gedeputeerden.

Tina hal pamarentahan sadidinten di Raad Kaboepaten didjalaneun koe Voorzitter nja eta Kangdjeng Dalem sareng Gecommitteerden, nja eta wakilna tina lid-lid R. K. tea. Hal kaabotanana noe djadi lid. R. K. dibandingkeun sareng lid Gemeente di Bandung noe parantos kadjalanan koe andjeunna. Hal Autonomie sareng zelfbestuur koe andjeunna diterangkeun sareng ngungo tjontotjonto. Hal ngajakeun padjog tergautoeng djeung kaajaan kaperloean oerang sarerea.

Disamboeng deui tjariosanana koe djr. Djaksa nerangkeun naon oentoengna R. K. pikeun oerang sarta koemaha ngadjalaneunana soepaja tambah ngoentoengkeun ka oerang sarorea.

Djr. Voorzitter nerangkeun deui tina hal prak-praksanana milih kiesman djeung lid R. K. dibandingkeun sareng milih milih raad anoe di presidenan koe Gouverneur nja eta Provinciale raad.

Djr. H. Adjhoeri President kiesman vereeniging Singaparna moerstel soepados lid dina Raad Provincie seueur na lid asing sareng bangsa oerang soepados sami, dina College gedeputerteen diajaan bangsa priboeni, nja kitoe deui di Volksraad disamikeun seueurna priboeni djeung bangsa sanes.

Vergadering moepakat ladjeng ngadamel motie tina ieu perkawis. Djr. Kd. Martadisstra njarioskeun kawa-

djian Kiesman.

Djr. Voorzitter njarioskeun pangdjang tina hal directe belasting sareng indirecte belasting. Diterangkeun deui tina hal invoerrechten, padjeg kapala pantjen hordines sareng sanes na deui, anoe teu kinten abotna pikeun noe mikoel.

Djr. H. Adjhoeri, H. Pahroerodji, H. Patah, M. Atmawiria sareng H. Toha nembongkeun augen angema tina ieu perkawis padjeg - padjeg.

Vergadering moepakat kana njoe-hoekneun soepados lid. verponding dileungitkeun.

Padjeg hordines soepados dileungitkeun margi ngan koe oerang desa woengkoel ditangoengna.

Djr. Soetisna njarioskeun kateusanana oetuk baroedak sakola anoe dibaroeng sareng sakola agama sore, rea tjonto baroedak noe dikaloearkeun ti H. I. S. na lantaran teu madjoe ripoech teuing oetuekna, diterangkeun nganggo ibarat-ibarat tina hal ieu.

Djr. Voorzitter njamboeng tina hal ieu, noe parantos kadjadian di Pakalougan aja boedak rida owah pikirna datang ka ten bisi deui njarita lantaran dibaroeng sakola agama djeung H. I. S. Di dieu sanes maksud ngalarang moeng nerangkeun ka sepoeh sepoeh moerid soepados rada ati-ati enggonging njaah ka poetra oelah kaliwat teuing, weureu teuing koe pangadjaran.

Satoetasna ladieng aja noe lalebet lid Pasoendan, taboeh 12 kempelan ditoepep.

Ti dinja diteraskeun koe kiesman vereeniging njarioskeun kaperloeanana.

Verslaggever.

Kamadjoean.

Djaman ajuna objag dimana-mana tempat, dikampoeng, di desa, di distrik, soemawouna oi oenggal-oenggal dajueh.

Euweuh deui anoe diomongkeun ngan „kamadjoean” soemawouna kolot, anoe njaho aksara, atawa boedak noe geus sakola, tina asal njarita noe keur dipigaweh, atawa noe keur disanghareupan, toengtoengna mah, njeboetkeun djaman kamadjoean.

Malah anoe teu bisa matja teu bisa noelis oge, da ngadenge ti batoer, njaritana teh aja bae njeboetkeun djaman kamadjoean.”

Soemawouna oerang dajueh anoe pagiling gisik djeung anoe palinter tjatjakan djelema anoe malangmang moeloengmoeng oge, anoe manoean manioen djeboel ti leuweung, geus ngadenge ketjap „Kamadjoean” . . .

Naha dina naon boektina kamadjoean teh? Oepama di djelema anoe koodoe madjoe, atoech geura boekti madjoena.

Naha madjoe kahareup, atawa madjoe kaloeloeur?

Timbangan djsim koering, oepami noemoetkeun wet agama kamanoesan, jen manoesa teh dipandjangan boedi akal noe sampoerna. Kari-kari di angseg kana ketjap koodoe „madjoe” . . . „Eta sanes lalawora . . . „sanes pikeun heureuj” moeng katjida aringgisna ninggang di djelema anoe teu aja haloean kamanoesan.

Sieun madjoena toeloej toemoeloej kana mangproeng, koemaha kadjadi-anana.
Kapan parantos kaboehtian, hidji anoe pinter, namoeng teu make djalan beuer atawa djalan hade, djadi pintarna kana kadjahtan, eta ngaroek-sakna pohara. (Lebah dinja: groote geesten, groote beesten Corr.) Koemaha atoech hajang oelah tepi ka kitoe?

Moenggoeh di manoesa teh, katjida perlona, koodoe aja haloean anoe geus ditoeoehkeun dina Agama.

Nja-eta pikeun ngadjaga bahla anoe mangproeng atawa anoe mangpar, tina toedjoean Agama Oepama geus tetep njekel haloean kamanoesan, toeloej disebarkeun ka batoer-batoer oerang soepaja madjoe kana kabageuran, toeloej dipake ngadjoengdjoeng daradjat, soepaja boekti ketjap madjoe tea.

Tina hambalan eta koodoe bisa madjoe deui nintjuk kana kamerdikaan, teroes kana kameoljean lahir djeung batin.

Ari noemoetkeun pahaman anoe palinter, anoe laloehoeung pangartina (elmoena) jen ketjap madjoe teh, lain madjoe: oendak adat atawa robah papakean.

Ari enja-enjana ngaran (ketjap) „Madjoe” teh, nja-eta:

Anoe asalna miskin djadi boga.
„ „ malurat „ beunghar.
„ „ bodo „ njaho
„ „ njaho „ pinter.
„ „ goreng „ hade.
„ „ bodegong „ reudah.
„ „ somah „ menak
„ „ gawe tjatjah djadi dje-

neng (pangkat) s. s. l.
Soemawouna lamoen djeneng loehoer djeung beunghar mah eta teh geus tetela pisan kamadjoeanana teh. Koemaha eta geus sakitoe, tjokoep?

Ari noemoetkeun wet agama mah masih tajau tjokoep, perkara kupintoran kebatkeun, sing bisa ngamadjoekun bangsa, noeloeng noe lian babakoena noe miskin oelah eureun-eureun nepi ka

Nepi ka iraha eta kitoe lalampahan teh?
Kadjeun teuing masing nepi ka Maot oge oelah pegat-pegat oelah eureun-eureun.

Lamoen bisa kamadjoean nepi ka pangkat eta, eta geus sampoerna haloeanana.

Koemaha lamoen dina sagala henteu madjoe?
Lamoen salah sahidi henteu aja noe madjoe, eta tetep bae, dina tempat kabodoan, (kngorengan).

Koemaha lamoen toeloej pae?
Anoe henteu sampoerna kamadjoeanana di mana pach teh, enggeus bae, boedjeng-boedjeng noeloeng batoer, keur awakna pribadi oge Wallahoe alam

Naha koemaha ari noe diseboet sampoerna haloeanana? Anoe diseboet sampoerna kamadjoean (haloeanana) soemawouna keur waktos hi-roep, tjokoep pikeun dirina malah bisa pinanggih reudjeung kasampoer naan, moelja badan moelja hate.

Bade disamboeng

Mo. Sa.

Verslag kempelan Tjabang Pasoendan Batawi ping 14 Juni 1925.

Taboeh 10 endjing vergadering diboea koe Djr. Iskandar Brata. Ladjeng andjeunna ngadarkeun, pamaksadanana. Pnleub ngajakeun kunstavondt rame deui bae. Aja noe teu spoek lantaran paer bok bilih djalmi teh katalandjoeran, kabengbatkoe raramen bae, nepi ka maksoed pokona mah kaloeli loeli.

Aja noe djadi lantaran pang teu sapoekna teh koe margi teu moepakat make istri noe mamaos. Aja deui noe djadi halangan, wireh piongkoesana katimbang piaboet teuing.

Saparantos rame pugoentrengan, nja dipoatoeskeun kieu:

Langkoeng sae ngadegkeun heula Voorloopig Bestuur.

Gampil kitoe kieu mah engke ti pandeuri,

Moepakatna sadaja teras ditjaroskeun saha noe saranggem koe andjeun njepeng kamoedi.

Kadjanenana kieu:
Voorloopig Bestuur Tjabang Pasoendan Batawi.

Voorzitter: Iskander Brata.
Secretaris: Moeh. Moehjiddin.
Penningmeester: Wirasoeganda.

Commissaris keur Batawi: I. Wiria atmadja.
Commissaris keur Meester cornelis. Wiriasamita.

Hoofdpropagandist: Prawiradinata.
Saparantos ieu ditetepkeun, teras ngabandntenkeun contributie.

Poatoesan vergadering:
Pangasilan sahandapeun f 100

„ „ „ f 0.25
„ ti f 100.—f 150. . f 0.50
„ ti f 151.—f 200. . f 0.75
„ ti f 201.—f 300. . f 1.—
„ ti f 301.—kaloeh. f 1.25

Ladjeng ngabarempagkeun leden vergadering.

Ditetepkeun satiasa tiasa saban sasih dina minggoe kahidji kedah diajakeun leden vergadering. Oepami ping hidjina meneran dinten Minggoe, eta vergadering dikeserkeun ka minggoe ka doea.

Tempatna. Satoengtoeng tjekap tempatna mah di boemina Djr. Iskan dar Brata bae (kampoeng Ketapang 10).

Vergadering moepakat soepaja leden noe geus aja kedah djadi propagandist. Arandjeunna baris dihatoeranan blanco aanvraag lidmaatschap.

Dimana parantos dieusi dikintoeun keun ka Hoofdpropagandist. Koe andjeunna diteraskeun ka Secretaris.

Pakarepan Tjabang moal bade ngoepkeun sagawajah djalma kana lid

ngan djalma noe baris katimbang ba kal djadi mangpaat kana pakoem-poeelan bae, njekeulan tjatjandraan Wa landa: „Niet het vele is goed, maar het goede is veel“.

Nembeana diajakeun ledenvergadering dina ping 5 sasih Juli, dinten Minggong taohel 9 endjing.

Noe baris ditjaroskeun: 1 Statuten sareng Huish. Regl. anjar.

2 Hal ngajakeun sakola Soenda di Batawi koe Djr. Winatapoera.

3. Ngangrannan djalan-djalan ge de sareng loeroeng-loeroeng koe Djr. Winatapoera.

Rondvraag.
Voorstel Djr. Winatapoera, soepados voorstel-voorstel teh diajak di-bagi dua: a. noe beunang ditoeung goekeun kana Congres.

b. noe kedah divoorstelkeun ka Hoofdbestuur waktos harita.

Voorstel Djr. Prawiradinata: Bestuur Tjab. Batawi kedah voorstel ka H. B., soepados ngintoeunkeun tawis kapanoedjoean Pasoendan kana voors telna Mr. 's Jacob, di Volkraad, noe maksudna soepados Provincie West Java digantos koe Provincie Pasoendan, sareng soepados H. B. nganoehoenkeun kana kersana kitoe.

Ieu voorstel ditampi koe sadajana.

Secretaris

Moch. Mochiiddin.

Noot H.P.
Perkawis nganoehoenkeun ka Mr. 's Jacob, H. B. ping 20 Juni paran tos ngintoeunkeun serat ka andjeunna.

Teroeskeuneun.

Pikeun djsim koering noe aja di Djawa-wetan pohara resepna ngoe-pingkeun ramena waktos ajeuna di Djawa-koelou, soendana pisan Pasoendan, Walandana West-Java.

Ramena teh nja eta koe milih kiesmannen dj. s. t. Moega moega bae ieu perkara teh loeoes didjalankeunana, sangkan aloes dasarna pikeun ngadegkeun provincie noe rek datang tea. Ari perkara ngaranna mah hese dioeroesna koe sabab koedoe noeroet keun kahajangna Goepnemen, boh provincie Djawa-koelon, boh provincie West-Java, boh provincie Pasoendan.

Pikeun bangsa Soenda, noe kaasoepp kana kaom Nationalist tangtos ngeunah pi-an oepama dingaranan Pasoendan. Tapi eta ngaran teh oelah dipikir teuing didieu nomer hidji, noe perloe nja eta mikiran pihartieunana provincie pikeun bangsa Soenda di sadj-roning alam Kumaljoean.

Bangsa Hindia rea noe teu panoe-djoe kana adeg-adeganana provincie Pasoendan, hak milih tjena teu sampoerna, rajat biasa moal kaeroes sabenerna dj. s. t. Tapi bangsa oerang noe ngarti jen kamadjoean teh madjoena ngata-ap lalaoenan, jen sagala roepa kulajang teu oedjoeg-oedjoeg djleg ngaboekti, pikeun eta kaom tangtos aja rasa noehoen ka noe Kawasa, ajeuna priboeumi Djawa-koelon diparinnan djalan sangkan bisa njoba tanagana kapinteranana pikeun ngadegkeun Provincie Pasoendan.

Rajat Pasoendan, toeh sing awas kana eta djalan teh, eta teh pertjobaan pikeun rajat Soenda; oepama boektina aloes, beres, tangtos engke sa Hindia oge diobah sangkan tanagana kapinteranana bangsa Hindia katebong kauloesanana.

Bangsa priboeumi Djawa koelon noe palinter koedoe pohara ati-atina, sangkan adegan tilang-tj. angna eta provincie weweg paguh oelah roent-toeh oepama katebak koe angin noe mala tarik. Babakoena ieu teh kawa djalan noe djadi Bestuur djeung noe djadi Leider nja eta pangroes pagoejoean priboeumi Pasoendan.

Boedlak sakola teu oedjoeg-oedjoeg meunang diploma koedoe asoepp ka

klas hidji beula; djeung hese tjape manehanna taocu hareup koedoe bisa pindah ka klas doea, geus kitoe ka klas tiloe djeung sateroesna. 4. Djero doenja kamadjoean politiek teu beda aja klas-klasna.

Hartina provincie Pasoendan teh penting pisan pikeun kamadjoean oerng Soenda, oerang Djawa oerang sa Hindia. Ngan tinggal rajatna bae koedoe daek hese tjape, temen, wekel getol digawena sangkan adegan provincie teh aloes katendjona, ngeunah ngimuhunana, matak betah nji-tjangan.

Moega-moega kahajang bangsa Soenda kulaksuakeun.

Ieu karangan taja eusina noe sae, moeng moega moega aja anoe ngao; mangpaatna ieu karangan tangtos aja noe poegoeh bae oepami katampi koe Djr. Redactie ngeusian ieu s. k. Sipatahoenan.

Noehoen.

S.

Koropak.

Djoer, Endjeh Singaparna! koema ha adre? Karangan hal eta moal ka tampi, koemaha oepami dikintoeun keun ka noe neungteuingunan tea, rempag?

Ka noe ngararang, sareng karanganana teu atjan kalebetkeun oelah ban doe (njeuseul) sing sabar sakedap mah.

Aksara Soenda. minggu ieu teu aja noe ngalebetan. Oerang Sisi, ka mau?

KABAR.

Tina s. k. Walanda.

Di Maroko djago Andoek rim masih ngamoek keueh. Prantjis, Spanje rada ripoe ngalawanna kaom pemberontak bangsa Rijkabijlen. Prantjis djeung Spanje ajeuna satoedjoe rek uempoeh kaom pemberontak babarengan. Oerang Spanje di kalangan Centa-Tetoeau Larache katjida ripoe-hana.

Doriot Communist di parlement njarita, jen Abdoekarim daekeun rapih.

Kaom Communist bedjana ngabantoean ka kaom pemberontak.

Abdoekarim njaram ka sakabeh kapal-kapal dagang deukeut ka basar bisi keuna koe peior bdoekarim.

Soerat-soerat kabar pinoeh koe kabari kagawedjoedan di Sjanghai, djeung kota-kota sedjen di Tiongkok. Kawawana Student-student ka bangsa asing beuki katjida bae. Oenggal poe student-student ngajakeun vergadering di oenggal-oenggal kota diloe-oehau koe reboe-reboe djelema. Vergadering menta soepaja barang Djepang djeung Inggris dibaekt.

Bangsa asing di Tiongkok karoerogianana oenggal pié millionan roepia. Di Hongkong oge aja pamogokan oemoem. Pirang-pirang koempelan di Tiongkok moepakat oepama Tiongkok naugtang perang ka Djepang djeung ka Inggris.

Mr. C. R. Das, leider Partij Swaraj, Bergemeester Calcutta (Hindia Inggris) poepoes.

A. R. Tasikmalaja van den Bos, bedjana rek djadi Resident Kedoe Gautina di Tasik bedjana Lafoutaive.

Djalan kareta Djatibarang-Karang ampel noe pandjangan 18 K. M. djeung dibegrooting f 193,000 baris diameiner koe Scheil en Schijfsma Soerabaja noe sanggoep ngadjalaukeun make ongkos f 168,342.

Kari pampa goedkeuring bae.

Tosan Van Heyst, noe dibenoem Residen Priangan tengah, geus uampi padamelanana.

Aja hawar Pamarentahan Angora, rek ngaganti ngaran Constantinopol (Stamboul) koe Moestapha Aii (kota pangaboga Aii).

60 oerang noe dihnekoem, lantaran njeun pembontakan di Afghanistan, dihoekoem pati. Kabeh koedoe di dral, Noeroetkeun pamarentahna Emir (Soeltan) ieu hoekoeman didjalaukeunana dilobar boei. (soepaja katombong koe sarerea Red.)

Man Cobhar (vliegenier Inggris) geus hiber ti Croydon ka Zurich (Zwitserland) poelanghalik. djsobonna 1000 mijl, make euren 3/4 djam, lilana 13 djam, 49 meuit. Kapal hiberna model leutik, merk „Dehavilland mot“; kakoeatan motor 27-60 P. K. ongkosna gitik rata dina samjil 1 penny (± 5 sen). Pihargaunana kahareup oepama geus rea ieu kapal oedara 150 pond sterling.

Poelisi ngabedjaan, jen dina waktos ieu rea doerit kerta 10 roepia pasae. koe kira kira mimitina kaloeur dipake reclame sigaret.

Burgemeester Tjirebon moerstel ka raadna pikeun mere kawasa ngadjalaukeun naon-naon roepaja ngajakeun djalan kareta Bantja Ekek—Tomo di-bantja deui, sabab katimbang peiloe pikeun tanah-tanah di Tjirebon.

Minister perdjalanana oedara Inggris, Sir Samuel njehoetkeun, jen di djero sawatara boelan baris diajakeun per-djalanan oedara diantara Inggris djeung kolonierna. Britch-Indie bisa di-djoegdjoe djero 5 p. a djeung Afrika kidool djero 11 poe.

Hidji wet noe geus karempoean. koe Lagerhuis, nangtoeun sakoeleah tanah ti Canada nepi ka Noord-pool, noe geus kapanggih atawa noe latan, kabeh as-ep wewongkon Canada.

Noeroetkeun ieu wet, kabeh ont-dekkingsreiziger (noe neangan tanah anjar), samemehna indit teh koedoe meunang soerat paidin ti Pamarentah Canada beurat.

Meh 400 sakola handap di Tirol kidool koe Pamarentah Itali dieureunkeun. Di ieu sakola-sakola noe nga ladjar kabeh goeroe goeroe bangsa Oostenrijk djeung Duitseh.

Baroedak bangsa Djerman kabeh kapaksa arasoepp ka sakola Itali (Ita liansche scholen).

Dilarang keras ninggalkeun Zuid Tirol pikeun sakola di Univar siteit Duitsehland atawa Oostenrijk. (Zuid Tirol teh bareto memeh perug bawahah Oostenrijk, ajeuna Itali Red.)

Di London, Chicago djeung rea deui kota-kota sedjen loba djelema maraot lantaran datang panas. - Nerbaska wetan djeung Jowa koelon (Amerika) roeksak koe anggiu topan. Noe maraot lantaran ieu rea pisan.

Kabar dagang.

Pasar Soerabaja 24-6-'25. Goela pasir sapikoel levering Juli f 11 1/2.

Copra sapikoel f 15 1/2. Karet sapond levering April Mei f 1,14.

Kopi sapikoel ajeuna f 69 1/2. Pasar Batawi, 24-6-'25

Tipoeng tarigoep sapikoel f 5,60. Beas f 9,50.

Minjak kalapa sablek f 9,90. Minjak seroh 1 Kilo f 4,70.

TOKO OBAT Universeel Agentschap NIC MULLER TASIKMALAJA Coenoengladoe No. 15 Telefoon No. 26.

Awas pelias badjoe roepi-roepi model Roepi-roepi oerang-oerang sapertos: Landong njeri boel

Obat soepaja bisa sare

Landong panjegah bobot (sae)

Landong keur moeriang boedak

Landong gohgoj sareng asthma (mengi)

Landong intjok sareng boekoe-boekoe toelang

Saboen obat ateu koelit

Obat riut sareng influenza

Landong noe lembek salira soepados djagdjang

Landong seueul angen

Zalep beula, koneng bodas

Obat boeok sareng mersihau sirah.

Kompa kompa (angret sakit kentjing, angret istri enz).

Bedak

Oekoeran panas

Anggoer obat (tamba kakoeatan badan)

Landong keur meresihan beuteung

Pil kina sareng tepoeung kina

Creoline sareng Carbol. 39

Nembe dongkap.
Djadar gepeng sareng pasagi, 3 deci f 0,20
4 „ f 0,30
Wadah mangsi paragi sakola f 0,30
Kapoer bodas, sapeti f 1,00
Boekoe gamdar (cahier polos) f 0,10
Fertas gambar sakobet, f 0,15, f 0,20, f 0,25
Kertas gambar roebak, sameter f 0,80
Patlot gambar 12 roepi f 1,25
Wadah gerip sareng eusina f 0,30
Kertas dilid (kopi), salambar f 0,04
Gagang kalam sakola f 0,06
Patlot hideung paragi sakola f 0,05
Pamoeppos bor f 0,50
Kalam tjap koela 36 siki f 0,50
Kalam tjap radja 144 siki f 1,35
Kalam rondschrift 12 roepi, (36 siki) f 1,00
Sareng seuer-seuer deui parobot noelis, kaperloeon sakola. dj. s. t. Lot JAARBEURS f 2, 75

34 **Toko Boekoe L. A. LEZER. Tasikmalaja.**

Toko PASOENDAN TJIAMIS
Ngtjal roepi boekoe sareng kaperloeon njerat. Tampi roepi-roepi barang amanat sareng ngarangkep agentschap Sipatahoenan, nja kitoe deui Commissariast Pasoendan.
31 **Pangoeroes M. G. Kartaatmadja.**

Sakola „PRINSES JULIANA“ di SOEKABOEMI.
Ngilari goeroe istri (Inl. Onderwijzers) ngawitan lebet ping 1 Juli 1925
Serat lamaran kintoeun ka **Directrice P. J. S. Soekaboemi.**

Awas! Oelah lali - bilih kaliroe Awas!!
„TOKO-EMPANG“
Stationsweg Tasikmalaja.

Sajati roepi-roepi panganggo **KADINESAN**, anggoeun **PONGGAWA** DESSA, noemoetkeun atoeran ajeuna sapertos:
1 Stel raksoekan laantjogan bodas pangas ti f 10,50 doegi ka f 17,—
1 „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ f 14,—
1 „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ f 12,—
1 Petil anggoeun Loerah compilt pangas f 11,— sareng „ „ „ „ f 6,—
1 Stel (7 kantjig) perak 800 Letter D. pangas f 5,75 sareng „ „ „ „ f 4,—
1 „ (7 „) nikel „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ f 3,50
1 Pasang polet passerment anggoeun Loerah pangas f 1,50 f 2,50 sareng f 2,50
1 „ „ „ „ anggoeun Dioeroetoela. Poendoeh, sareng katerasna pangas f 0,50 sareng f 0,70
1 „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ f 4,50
1 „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ „ f 10,—

Oepami palaj dikspoet kedah tambah f 1,— sapasang
Sareng oepami ngagaleuh panganggo Compilt kenging potongan 7 1/2%
Bilih aja noe palaj nganggo Lawon Lena atanapi half Lena pangas sae badanten deul.
Sareng sadjab ti eta sajati roepi-roepi tarico, soetra Dana, Zerge-Blauw, zerge-gading, lawon pipajamaeun, pikamedjoeun sareng saes-saes deul.
Hoermatna
H. M. DJOEWAENIE.

N. B. Di fideeling Soek-boemi sareng di fideeling Tandioer kenging ngagaleuh atanapi pesen di toko Boekoe TJIKIRAJ SOEKABOEMI.

IMPLIK-IMPLIK

Nji Djoeminem.
Koe K. M.
Samboengan Sip. No. 52.
(Dirwagel dipetik).

„Enja ieu teh noe djadi halangan teu klareng woengkoel ti doktor da teu make eta mah ajeuna oge djadi, moal enja Madkaja teu poepoegneul mitjeunau doerit atawa moal enja Pa Endjoem koedoe moelangkeun deui mah, da meureun geus dibalandjakeun nja Pa Endjoem?“

„Atoeh kantenan, ari Oena, ti mana

koering koedoe moelangkeun djeung asbaraha wiwirang koereng, nadjan diheuli koe doerit salangtoeng oge moal leungit. Tah ajeuna mah kari koemaha dj. Lete bae ka diujah.“

„Enja timbangan kaola mah ajeuna mah koedoe geuwat soesoelan Madkaja, mangkating geus doendjoe kae uagara ka dioerangan Tjamat sagala jen isoek ieu teh koedoe mitonkeun.“

„Heueuh, bener! manehna koedoe geuwat hat-ranan!“ sora noe tadi dangdan ti djero nembatan bari seroe: „Koedoe kairingkeun pisan ajeuna, teu perloe make soerret-soerat nanaon?“

„Tah ari geus kitoe onaman, hajoe

atoeh Pa Endjoem.“ bral doean arindit, Goena katjida koekatoefer mah doemeh teu luksana ngopi, dasar tikoro bergkok, sisit kadaj tjajah.

Doea djam ti harita Madkaja geus kaangkir bangoen anoe poera-poera teu boetoeli tea bae, saperti kana barang uoe rek dibeuil tea, padahal rationa mah katjida atobna njampak di imah pimitobaon geus sakitoe prajogana nimbang kana pangawak Pa Endjoem mah, geus liwat ti meudjehna.

Ajeuna priboeumi geus biasa deui hegar pakepoe njadiakeun panganten nja kitoe deui Wiragoena ajeuna mah poenah rasaua, kari ngarasakeun ka-

merekaunana bae, ngasoeh teurab ti loeuer ti handap.

Maneh doer teudoe bakal pangan-ten koedoe geus aja di Katjamanan, tjek Lebe anoe keur tjakah-tjikh ngatoer sagala roepa, ma'oen harita ngarangkep djeung wakil djr. Koewoe anoe teu ari koe damel.

Madkaja rada oge ngarasa hemar-hemir rek ngadeuheus ka katjamanan, risi Si Endjoemna njeboet teu poeroen, tapi ti memehna oge da geus taki-taki ka embina, harita toeloj njampeurkeun ka Lebe bari ngasor-keun boengkoesan kertas hedjo dieu-si bako, meunang ngahadja meting anoe paloeuna: „Ieu batoer loemajan

tilam sono, hehehe“.

„Hus sanes loemajan deui ieu mah, atoeh noehoen A'hamdoelilah, moal lepat ieu bako pangraosna, noehoen-noehoen“.

„Saes, koemaha eta teh, ka djoeragan Tjamat tea rai mah rada risi“

„Wah, ditanggul koe akang eta mah, moal datang ka tjodeka, keun mananggul ah teu sapira boedak kam-poeng, koe akang mah digebrag sakali ge noeroet, sieuneun diantjam-an-tjam koe naraka mah, djeung dibib-ta koe sawarga.“

Aja samboenganana.


Dr. TAN TJOEN HAIJ

ARTS.

Di Kebondjoekot Zuid Bandoeng, tjaket tilas boemina
 Dir. Dr. Saleh Marhoem.
 Ngalandongan sagala rupa panjawat marios saban dinten.
Waktosna.
Endjing-endjing 7-9
Sonten 4-5 41

DRUKKERIJ PASOENDAN

di Stationsweg 33 Tasikmalaja.
 Nampi sauskanten damel tjakout.
Toko Pasoendan Tasikmalaja.
 Ngital sauskanten bokoer, noe koemaha bae Bako pipah pangaos f 0,12 1/2 sareng noe f 0,07 1/2.
 Stationsweg 33 Tasikmalaja.
Administratie Sipatahoenan.
 Nampi pamoendoet pertjoutan, noe bade lebet langganan Advertiser sareng atos langganan. Ngital deui aandeel Drukkerij Pasoenda a f 1,- sareng noe f 10,-
 Stationsweg 33 Tasikmalaja. 35



Toko Soenda

H. M. SOBARI

di SINDANGRADJA

(Pengkolan ka Tjisajong) Halte Indihiang.

Dir. dr. sareng wargi-wargi oelah lali, oepami bade ngagaleuh kopeah anggoeun (tjajikeun deui) anoe sae, anoe kiat, anoe mirah pangaosna. Sajagi di koering roepi-roepi kleur noe didamel tina soetra pangal No. 1 No. 2 sareng tina lawon sinelin potongan "Padang" sareng njajikeun roepi-roepi kopeah bloedroe model Soerabaja, Penang sareng model Singapura ane dipikasareng koe djaman ajuna. Mangga soemping ka Pasar baroe di Los letter I. roangan No. 2 Tasikmalaja, saban dinten Senen sareng Kemis, oepami ti noe tebih perigi ngintoen serat (pesenan) ka dijalan koering adre noe ka sekat di loeboer. 44

Kawarasan langkoeng mangpaat tinimbang kasogihan.
 Nembé boeka Toko Obat ti Hindoestan anoe parantos kenging serat-serat poedjian, njajikeun sauskanten landong sapertos:
 Kasawat Lumbe, Radjasina, katedoen, kenging manis, medjen, kenging ratjoen, batoek eungup, batoek gangsa, mengi, salesma, oelah-oelah getih, moering panas njeri patoengan dada salira, njeri panon, waos, intjek, meat djangar, kirang getih, lalose, paregel, kasawat konong ngalangi-joeng sareng roa-roa deui.
 Biéh teu mental ka anoe sanes-sanes mangga soemping bae ka sim koering, nanggél teu nganggé belek (operatie) nadian kasawat materi oge, Rawatan sae sareng njanangkeun, nampi panjaser ti sata bae ongkos mirah landong-landong oge mirah, ka anoe teu mampoe dipasihlan pertjoe-mah asal aja kaurangan ti dir. Wadana atanapi Controleur bae.
 Sing emoet kawarasan langkoeng langkoeng ti doenia biana enggal oepami kataradjang kasawat naon bae ka Toko obat, tjariiskeun naon noe karoas, ka anoe tebih koe serat bae ongkos tiasa dikintoen landong koe djalan remboer.

Salam hormatna noe ngantos-ngantos Toko Obat Hindoestan
FAZAL MOHAMAD
 Djalan Station pajoeneun H. I. S. Tasikmalaja. 36

TAN HOEN AUW

Toekang pasang gigi sareng panon palsu ti Bandoeng
 ajuna di Pasarbaroe Tasikmalaja.

Adre anoe mirah padamelan ditanggél sae.
 Dina kateangan-kateangan anoe raros sok sering ngadantenkeun roa oelah salajengna kasawat waos anoe sesah pisan dilandonganana. Meh teu tiasa deui njariiskeun sae koemaha kateurusanana arge kasawat waos, anoe mawi kedah dirjadi ti samemehna.
 Ajuna sim koering njajikeun sauskanten landong anoe koemaha bae, na kito deui ngadag soepados alamina waos sehat bereska, tiasa di- daji koe landong sim koering.
 Para Istri diroesna koe njonja. Mangga saroemping.

Hormat noe ngantos-ngantos
TAN HOEN AUW
 Pasarbaroe 59 Tasikmalaja.

PAMANDANGAN

DAGEN - DJOKJAKARTA.

Nampi pesenan roepi-roepi Costuum sareng roepi-roepi Pet Kadinesan anggoeun Prijaji B. B.
 Sareng saajagi roepi-roepi keue oedeng model kadja- wan (Solo atanapi Djokja)
 Dasi noe di damel tina batik teu kinten saena sad- ja pesenan dikintoen Remb
 Sareng roepi-roepi Pet bodas beureum anggoeun Prijaji S. S. sareng ngital Pasmae anggoeun Solempang Loerah - Loerah (Koewoe)
 12

"I must have one of those"

ATAWA

Saja moesti ada satoe dari itoe

Begitoelah kata H. M. KING GEORGE, R. DJA INGERIS, sesoedih periksa keadannya VULPENHOUDER MERK "THE SCOUT", vaktoe beliau koendjoengi Tentoonstelling de British Industrie Fair di White City, pada tanggal 6 Mei 1924. Begitoe djoengi beliau bilang lagi, ini ada Truly wonderful atawa Gandjil sekali, sebab beliau beloeum pernah liat lagi satoe Vulpenhouder ata begitoe bagoes dan begitoe mcerah sepele VULPENHOUDER MERK "THE SCOUT". (Toelisan ini ada kita salin dari The "Daily News" of Tuesday, May 6th 1924, satoe surat kabar Inggris jang besar di England). Kendaannya VULPENHOUDER MERK "THE SCOUT", batangnya besar busa; berjoerak itam kilat; pakai pekakas isi tinta sendiri zonder pompa; matapenja dari Gold-plated mas, toelisan enteng dan tintanja rata; compiet dengan Clib (pengantoeangan). Harganya perstuk f 2,50. Sekalian beli lagi 1 reserve-pen harganja f 0,50 ongkos kirim di post f 0,75 tambah.

Importeurs:

38 Boekhandel Auw Pit Seng Medan.

N. B. Tentang ini Scout-pen, toean Parada harabap, Hoofdredacteur "Bintang Hindia" ada toelis seperti berikoet:

Boekhandel Auw Pit Seng.

Kiriman toean satoe vulpenhouder merk Scout, bersama 3 reserve pen soedah kita terima dengan baik. Soenggoeh kita amat heran sakali engar kebagoesan pen u. e. tidak kalah dengan si f 12,- soenggoehpen orang dengan doeti f 2,50 soedah bisa poejakan satoe vulpen jng indah begitoe.

BINTANG HINDIA

Algemeen Geill. Weekblad
 Hoofdredactie

Parada Harabap-Chia Chun Fong
 Redactie: Anna Sjari

Rubriek tetap berisi gambar dan artikel Hindia tjantik, Djempolan Hindia, Literatuur, Kroniek (Buiten-politiek), Sport, Dalam perjalanann, Doenia film, Feuilleton, Doenia isteri dan lain lain.

Harga langganan f 2,25 sekwartal tempat advertentie jang paling baik, tarif pantas. Mintalah proefnummer gratis.

Dres: Bintang Hindia Weltevreden 13

HOTEL BANDOENG

di SOERABAJA.

Oepami ka SOERABAJA koem di HOTEL "BANDOENG" ditanggél bersih sareng resep. Noe ngoeroesna orrang Soenda.

Beherder
I. H. MAKSOEDI
 Eigenaar
H. MAHMOED.

KEMBANGGOELA HOPJES.

Jang paling enak.
 per blik isinja 400 bidji f 3,-
 Boet dioel lagi per peti tih 4 blik 4 400 bidji f 10,-
 STROOP jang paling enak per fl f 0,50 voor djoewal lagi
 1 peti is 10 fl. f 1,-
 Terisi Roepa-roepi Saperti: Frambozen, Rozen, Chitroen, Ananas, Pisang, enz.

LOTERIJ OEWANG

Doet goenania perkoempoelan memperbaiki nasibja orang-orang boeta di Hindia Olanda.
 Hoofdpreis f 100.000
 Tariknia 22 DECEMBER 1925
 Harga Contant per lot f 11,-
 Kaloe Remboers " " " " f 12,-
 Harga jang terebet diatas laen oekoe kirim.
 Melingken boleh dapet pada:
Merk DJIT GOA F BING
 Semarang. 27

Eere diploma ti Groot Tentoonstelling Tasikmalaja. 1915

Koek - en Banketbakkerij

Fabriek

RADEN NATAMIHARDJA
 Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.

Sajabi ti sajagi koeweh-koeweh teh disajagikeun tempat ngaleneutna noe sampoenana.

Sareng tiasa ngital kaperloeanana koeweh sapertos: boemboena, klosirna sareng kembangna oge, panga os kenging badanten.

Tiasa mangdamelkeun ijs poeter noe sajakosna dina 1 Liter timbangan pangaos f 2,50 doegi ka f 5,- ditanggél sae.

Noe ngantos
Raden Natamihardja.
 Stationsweg 15/17 Tasikmalaja 17



Preanger Chemicalien Handel

Tasikmalaja.

Ontvangen:

Karel I
 Delftsche
 Moortjes
 La Semeuse
 Sigaren 3

SIK DJOEN KWAN

TOEKANG GIGI

Tjhideunggede No. 23 Tasikmalaja.

Teu aja deul angon-angen sadajana, jen di doenja palaj hi-roep senang sareng kasihatan, dina barang toelang kapalaj teh anoe parelem anoe raros bae. Handjakal tina hal barang kasihatan waos mah, margi sakoer anoe di toelang eta sajakosna uambihan oelam, teu karaos njarelapna dina waos, lami-lami ngagoendoek ka lebet doegi ka kadjadian njeri waos sareng kopok.

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu di toeloeng koe ahina (dukterna) moal tiasa sae, katoengan anoe teu antjoer pisan ngadajikeun kasawat landeung pusing, njeri patoengan, sekek napas, eungup, teu aja napsos kana barang toelang sareng sanes-sanesna. Ieu sadaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Ajuna sim koering di dieu parantos ngadeg tokona njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggél.

Nja kito deui njajagikeun waos palsu, poslen, toelang, perak, em-s sauskanten aja. Ngaratikeun waos ngaberesihan sareng ngagilapken soepados herang sapertos kilat latit, koemargi kieu, taugtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajagikeun deui panon palsu, oelah salempang. Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta puen bodjo.

A noe ngantos pesenan a saroempingna

SIK DJOEN KWAN

Sarimbit.

18

SINSHE TAN KOO HWIE

ti SHANGHAI

Ngahidji sareng toekang gigi Sik Djoen Kwan.

Kawentar Tabib toeroenan TJOE TWAN, mang taontaen matoh di Sang Hai nanging koemargi timboel bahaja perang tea, kapaksa sim koering ujingkah, nja ka dieu.

Roa serat poedjian sareng anoe njarebatkeun jen djadi kaontoengan ageung pisan ka oerang dieu, lantaran aja sim koering, tingali kajaean landong sareng petana ngalandongan.

Moeng handjakal saeutik reh sim koering di dieu meh teu pati tiasa leres-leres kana Malajoe, kedah basa Tjing Im bae, noemawi ngahadja moegi-moegi koe lantaran ieu Serat kabar tiasa ujebar aroeningana kana ajana toko Sim koering.

Tiasa ngalandongan: kolera, batoek gangsa, panjakit koening, Radjasinga, tjindekna anoe bangga-bangga mangga sim koering heula tjobian, raskeun. Ngalandongan moerangkali, anoe salesma, lebet angin, moeriang, panas tiris sareng roa' deui.

Pembayaran nimbang-nimbang kawa kamampoebanana, anoe teu kiat mah vrij.

Anoe bade djangdji dilandongan doegi ka saena (Pauw Ie) sae badanten bae.

Nampi tamce: taboeh 8 1/2 doegi ka 11

taboeh 3 1/2 doegi ka 6 sonten. 42

Hatoer Oeninga.

Djoeragan-djoeragan oepami bade ngagaleuh kopeah itjaleun deui, memeh ka anoe sanes mangga soemping bae ka Pasar Tasikmalaja saban dinten Senen sareng Kemis di los f No. 10 atanapi koe serat.

Di tanggél padamelan sae kiat sareng model Padang tina sandelija soetra kasar lemes sareng noe panglemana. Pangaos nanggél pang mirahna kenging di samikeun sareng boetan mana bae.

Nganggé perjangdjan, oepami bae ngarao kaswatan atanapi kirang sae damelanana kenging diwangsoelkeun deui. Enggal ojarobian moendoet kanggo tjouto beula atanapi sakalian ngagaleuh seueur moal doegi ka rogel.

Noe ngantos di pasar atanapi di rompok.
 Hermetas
SOERDJO MUTSENMAKER
 Tjiboengkoel Indihiang

43 Atanapi di Loods f No. 10.